

Kreyòl osnon Ayisyen?

Deba sou batèm yon lang

Èske yo ta dwe kontinye rele lang Ayisyen bay nesans lan, “Kreyòl”?

Kesyon sa a ki ta ka parèt tou senp (yon zafè *non lang*), deja fè divès lide jèmen kay moun k’ap brase lide sou lang kreyòl. Gen yon tandans ki vle chanjman non “Kreyòl” la an “Ayisyen”; gen yon lòt ki pa danse kole ak pawòl sa a.

Pou nou mennen deba a, n’ap pran kèk echantiyon.

Jean Price Mars, depi nan lane 1928, ekri: “*Le créole est-il un langage dont on puisse tirer une littérature originale par laquelle se consacrera le génie de notre race? Le créole, doit-il devenir un jour la langue haïtienne, comme il y a une langue française, italienne ou russe?*”¹. La a, Price Mars makònen lengwalite kreyòl la ak non “Ayisyen” an, kòm kwa toutotan kreyòl la pa ko *devni* “Ayisyen”, li pa plis pase “yon kreyòl”.

Divès lòt entèlèktyèl Ayisyen apre Tonton an, konprann pawòl la menm jan an.

Genyen kèk etranje ki pran menm pozisyon sa a. Se ka lengwis ameriken Bryant C. Freeman, nan douvan-pawòl diksyonè Ayisyen / Angle li a (*Haitian-English Dictionary*)², ki di li twouve tèm kreyòl la twò vag pou esprime lang Ayisyen yo fòme a. Poutèt sa, li ta prefere tèm “Ayisyen”.

Youn nan dènye moun ki pran pozisyon sou kesyon sa a, se ekriven/sinesyas Rassoul Labuchin, nan yon atik li pibliye sou jounal “**Le Nouvelliste**”³. Li pran kòm referans, diksyonè Larousse ki esplike, yo rele yon lang kreyòl, se toutotan yo pa ko kodifye l; depi peyi kote yo pale lang lan pran endepandans li, epi yo deside bay li yon alfabèt ofisyèl, l’ap pote non nasyonalitye peyi a nòm alman (Lafrans, franse; Lespay, Panyòl; Ayiti, Ayisyen). Li ekri: “*Ne conviendrait-il pas de faire remarquer que le mot créole pour désigner notre langue populaire est désuet et serait même un non sens? Selon Alain Rey, linguiste et auteur du Petit Robert, toutes les langues passent par “une étape créole”. Mais, lorsque le pays où une langue est parlée par une majorité de citoyens décide d’adopter un alphabet officiel pour fixer le statut et l’appartenance nationale de cette langue, cette dernière change d’appellation créole pour porter le nom de la nationalité du pays qui lui a donné l’alphabet officiel.*”

Fòk nou di, pozisyon sa yo pa san fondè, si nou konsidere orijin tèm kreyòl la.

Listwa aprann nou, “kreyòl” soti nan mo pòtigè “crioulo”. Mo sa a jèmen bò finisman kenzyèm syèk, lè Pòtigal te koumanse rantre nan kolonize lòt pèp. Se te yon manman tèm pou deziyen tout sa ki te pran nesans nan koloni an. Konsa, Crioulo tounen “criollo” an panyòl, “creole” an angle, “créole” an franse epi “kreyòl” an kreyòl ayisyen.

Se nan sans sa a yo di manje kreyòl, nèg kreyòl, fanm kreyòl epi “lang kreyòl”. Sa montre, gen yon rapò sere-sere ant tèm kreyòl la ak zafè kolonizasyon, zafè pèp restavèk.

1. PRICE MARS, Jean, *Ainsi parla l’oncle*, Port-au-Prince, Fardin, 1998, p.16.

2. FREEMAN, Bryant C., *Haitian-English Dictionary*, Fifth edition, Kansas, Institute of Haitian Studies, 2004, 1020p.

3. LABUCHIN, Rassoul, *La semaine de la langue haïtienne*, in *Le Nouvelliste* 31 oktòb 2008.

4. DEJAN, Iv, *Ann etidye lang nou an*, Pòtprens, Demen miyò, 1995, 71p.

Men nan liv li a ki rele “Ann etidye lang nou an”⁴, pwofesè Iv Dejan rezève dènnye chapit la pou l bay dizon l sou koze chanjman “Kreyòl” an “Ayisyen” an:

“Anvan yon moun chèche esplike poukisa li ta vle chanje non lang pèp Ayisyen pale a, li ta bon pou li kalkile yon ti kesyon: ki dwa yon moun pou li chanje non yon lang ki la nan yon peyi depi plis pase 200 ane?”

Moun ki pale kreyòl an Ayiti depi sou tan lakoloni, rele lang yo pale a kreyòl. Yo pa rele l Ayisyen. Ki dwa kèk entèlèktyèl pou yo chanje non lang tout yon pèp?”

Nou ta ka eseye jwenn de repons pou kesyon pwofesè Dejan yo:

- 1) Se pa moun ki t’ap pale kreyòl yo ki te bay lang yo a non. Ki ta dwa yo dayè? (Pi wo, nou sot eseye fè apwòch istorik mo “kreyòl” la);
- 2) Moun nan tan lakoloni yo pa ta ka rele lang lan Ayisyen, piske yo pa t’ap viv an Ayiti; yo t’ap viv nan Koloni Sendomeng.

Pi lwen, otè a atake ekwasyon *non lang = non nasyonalite* a. Li demontre, Kiben, Dominiken, Venezyelyen, pale panyòl; Ostralyen, Ilandè, Ameriken, pale angle... e sa pa deranje. Kidonk, dapre limenm, pa gen okenn lojik ki oblije lang Ayisyen pale a rele ayisyen.

Lengwis la eseye konbat tou, pawòl ki ta vle fè kwè, mo kreyòl la se yon mo derespektan. Li pran egzanz pawòl moun te konn di sou Ayiti anvan lane 1986 (Ayiti: makout, peyi pòv, sida...). Pawòl sa yo pa t oblije yo chanje non “Ayiti” a. Jodi a, Ayiti pa vle di makout ankò, paske reyalite sa a sanse pa egziste.

Nan sans sa a, li montre kijan yon konotasyon yon mo pran kapab disparèt lè reyalite ki vini ak konotasyon sa a disparèt.

Men, ka mo kreyòl la plis sanble ak apwòch lengwis Georges Mounin fè nan liv *Problèmes théoriques de la traduction*⁵, sou sa l rele *Immobilité des structures linguistiques* ak *Mobilité des structures qui organisent notre connaissance du monde*: “*La structure du langage ne se conforme pas à la structure de l’expérience objective: nous pouvons changer, et nous changeons effectivement plusieurs fois, de notre naissance à notre mort, dans notre façon d’organiser ce que nous savons sur le monde, parce que ce que nous savons sur le monde s’accroît et change.*” Pi lwen li ajoute: “*Cette immobilité des structures linguistiques par rapport à la mobilité des structures qui organisent notre connaissance du monde toujours en mouvement, devient plus sensible encore quand on examine non pas l’expérience du monde dans le langage d’un même individu, mais dans celui d’une communauté linguistique.*”

Sèlman, nan ka sa a, se pa chapant fraz ki konsènen nou, men se leksik.

Mounin eseye esplike fenomèn kote yon tèm osnon yon espresyon yo itilize pou esprime yon reyalite, kapab rete tennfas, menmsi reyalite sa a oubyen konsepsyon moun genyen sou reyalite sa a vin evolye apre. Paregzanz, tout moun kontinye di oseyan “Atlantik” menmsi pèsonn pa kwè ankò nan yon jeyan ki rele Atlas ki kenbe linivè a sou do l. Poutan, mo “atlantik” la soti nan “atlas”.

Se petèt pou sa pwofesè Dejan fè konprann, se nan chanje reyalite sosyal, ekonomik

5. MOUNIN, Georges, *Les problèmes théoriques de la traduction*, Paris, Gallimard, 1963, pp. 56,57.

ak politik peyi a, Ayisyen ap rive chanje move konsepsyon lòt moun gen sou yo ak sou lang yo, men se pa nan chanje non lang. Zafè *non* lang lan, dapre limenm, se yon pwoblèm minè (p.63). Pi lwen, li kontinye pou l di, “*Moun ki gen lide [chanje non kreyòl la], se pa yon non yo pa vle wè. Se tèt yo, yo pa konprann. Se tèt yo, yo meprize. Se tèt yo, yo rayi. Oubyen, se enterè pa yo ak avantaj pa yo y’ap defann. E, vle pa vle, yo kont enterè mas pèp la.*”P. 66.

Rale nou fè a pèmèt nou dekouvri fondè tou de pozisyon yo: yon bò, non kreyòl la, dapre orijin li, pa sanble kadre reyèlman ak lang yon pèp endepandan ki kodifye lang li. E si se pou fason kreyòl Ayisyen an pran nesans lan (kontak franse, lang afriken...), nou ta ka rele tout lang latè konnen jodi a “Kreyòl”, piske yo tout pran nesans anba enfluyans lòt lang. “*Pèsonèlman, m panse gen abi nan [rele nenpòt ki lang: kreyòl]*”, se sa Dejan rekonèt nan paj 65.

Men yon lòt bò, pwoblèm *non* lang lan parèt mwens konplike pase lòt pwoblèm alabaz pou yon peyi rezoud. Epi, se toujou yon nouvo reyalite ak yon nouvo konsepsyon ki mete asanm pou yo bay yon nouvo tèm nannan.

Webbs Gaddy Damas
Etidyan nan Fakilte Lengwistik Aplike, UEH
Webby_gaddy@yahoo.fr

Reyaksyon Ak Kòmantè:

Jean Saint-Vil <jafrikayiti@hotmail.com>

Sou baz menm lojik sa a kanmarad Prophète kanpe mesaj li a, nou pa ta dwe rele fondatè nasyon an Jean-Jacques Dessalines paske ojis non sa a se non yon kolon franse ki te fè yon nèg bourike sou plantasyon kom esklav li - e kom nèg sa a pa te gen mwayen retrase veritab non zansèt li yo, limenm tou lè li vin achte fondatè nasyon an nan men Henri Duclos, li ba li non Dessalines li te deja ap trennen an. Kounye a, se nou deside nou pap rele lanperè Jean-Jacques Dessalines, kouman n ap rele li?

Se poutèt sa mwenmenm mwen pa kwè li bon pou nou dekonekte mo yo ak espas epi tan kote yo itilize yo. Espesyalman non pwop yo. Gen moun ki pwopoze pou nou kreyolize yon non tankou Jean-Jacques Dessalines. Mwenmenm mwen mande sou baz ki agiman nou ka fè sa? Non yon pèsonaj gen yon valè legal. Sou tout paye legal sitwayen an te idantifye tèt li Jean-Jacques Dessalines. Kidonk, se konsa li te rele. Pwen final.

Mo pran sans atravè listwa, selon transfomasyon ki fèt nan sosyete kote moun ap itilize mo yo. Konsa, alepok kolonyal, mo Kreyol la te gen yon sans, jounen jodi a, nan latriye

sans li kapab genyen, li reprezante non lang pèp Ayisyen pale a.

Ameriken pale Angle. Men, se pa sitwayen Angletè yo ye pou sa. Si kèk fwa pou presize nan lang pa yo ou ka wè franse ekri osijè de yon lang ki rele «l'american» - se koze blan franse ap pale pou moun ki konprann franse. Ameriken an limenm li konenn lang li an rele "English". Kidonk, si franse vle pale de «l'Haitien», si Ameriken vle pale osijè de yon kichoy yo ta rele «Haitian»....se dwa demokratik yo...

Mwenmenm mwen pa wè pou kisa Ayisyen di li pale Kreyol epi sa kreye pwoblèm pou pèkeseswa. Lè nou konsidere tout gwo pwoblèm ki egziste nan jan Leta Ayisyen neglije responsablite li nan pwoteje lang natif natal nou an parekzanp, poudi nou pa ta dwe fokis enèji nou sou pwoteksyon lang nan olye n ap debat sou kijan - nan lang etranje - yo rele lang Ayisyen pale a. Mwen presize se nan lang etranje "swadizan pwoblèm" sa a ta ka ekziste paske se pa pou granmesi pwovèb lan di **KREYOL PALE KREYOL KONPRANN**.

Respè kanmarad!

Jafrikayiti

«Depi nan Ginen bon nèg ap ede nèg!»

(Brotherhood is as ancient as Mother Africa)

(L'entraide fraternelle date du temps où, tous, nous fûmes encore dans les entrailles de l'Afrique-mère)

<http://www.jafrikayiti.com>

<http://www.godisnotwhite.com>

~~~~~

Michel-Ange Hyppolite M.Ed

Kaptenn Koukourouj

Deba pou rele lanng kreyòl-la Ayisyen-an ekziste depi nan ane 1981 apeprè. Nan epòk sa-a, nan Jounal Ayiti Obsèvatè, si memwa mwen bon, se pwofesè Maximilien Laroche ki te ap diskite ak pwofesè Yves Dejean. Mwen sonje, pozisyon mwen te pran, se te rele lanng lan **kreyòl ayisyen** pou diferansye li parapò ak tout lòt kalite kreyòl-yo.

Pwofesè Maximilien limenm, nan dokiman li ekri, mwen pa genyen referans-lan ak mwen la-a, deklare, ale pou vini genyen youn moman ki pral rive kote chak peyi ki pale kreyòl-yo pral bay lanng yo pale-a non peyi-a. Pou limenm rezon-an senp. Menm jan gen «les langues romanes», ap vin genyen konsèp «Les langues créoles » la tou. Kidonk, li pa jije nesèsè pou li fatige lespri li sou sa, paske se sa ki ap rive youn jou.

Mwen rezon ki fè mwen ta toujou patizan pou nou vin ak kreyòl Ayisyen oubyen Ayisyen, se paske lè nou verifye youn diksyonè, genyen youn dal definisyon ki mache ak mo kreyòl-la.

Malgre tout sa mwen sot di nou la-a, deba kreyòl **VZ** ( vizavi) Ayisyen-an pa vrèman enterese mwen, paske nou kab itilize enèji-a pou nou kreye zouti kreyòl. Eitou, kondi Jafrikayiti, leta nou an pa menm sou bò fè anyen pou vansman lanng kreyòl-la, pito nou mete enèji nou ansanm pou nou ba li presyon pou yo mete branch kreyòl literati Ayiti-a nan pwogram kou literati ayisyen, paske sa poko pase kòm lwa. Gen pwofesè ki chwazi pale sou kèk ekriven kreyòl nan kou literati Ayiti, men leta poko rann sa obligatwa. Si gen mounn ki gen plis enfòmasyon sou sa yo va pataje ak mwen.

*Michel-Ange Hyppolite M.Ed*

*Kaptenn Koukourouj*

Enseignant / Pwofesè  
Manm Sosyete Koukouy Kanada  
Ekriven, Kritik Literè  
<http://www.michelangehyppolite.com>  
Tel: 613-738-9202